

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil imajinatif tina pamikiran manusia tuluy digambarkeun ngaliwatan tulisan, rupa-rupa kajadian imajinatif nu ditulis ku pangarang biasana mangrupa runtuyan kajadian tina pangalaman nu kaalaman ku sorangan atawa kaalaman ku batur. Dina rupa-rupa kajadian nu dituliskeun ku pangarang, urang bisa neuleuman mangpaat dina tina éta tulisan.

Pangalaman nu dijadikeun carita, ilaharna karandapan ku manusa. Khususna di Tatar Sunda loba kajadian-kajadian nu bisa dicaritakeun sarta ditulis. Salah sahiji kajadianna aya dina novel *absur*, dina novel ieu nyaritakeun kajadian hiji tokoh nu ngarana Aam Ramdani nu nyuaykeun rohang jeung waktu jadi hiji karakter “Kuring” nu nalungtik hiji rasiah nu kungsi ngalalar dina impian manéhna. Dina awal carita Aam Ramdani ngimpi boga adi deui, dina mimpina manéhna keur cicing diburuan tuluy aya saurang budak ngora nu nyampeurkeun ka manéhna. Sanggeus mimpi éta Aam Ramdani tuluy inget jeung kapikiran saha anu datang dina mimpi téh, bener adina atawa saha. Nepikeun dina tengah carita nu awalna tokoh utamana Aam Ramdani bisa digantikeun jadi tokoh “Kuring”, dina ieu novel nyaritakeun kumaha prosés kahirupan nu dialaman ku Aam Ramdani téh nepikeun bisa meunang bongbolong ngeunaan mimpi nu dialaman ku manéhna, nepi ka ditungtung carita aya rupa-rupa pangajaran jeung mangpaat nu bisa dicokot. Ieu novel disusun ku 25 bagian carita dina unggal bagianna boga kajadian jeung masalah nu béda-béda. Nepi ka ahir carita tokoh “Kuring” nu ngalaman kajadian nu sakitu panjangna bisa nepi ka tungtung.

Analisis ngeunaan karya sastra boga tujuan pikeun ngameunangkeun ma’na tina hiji teks karya sastra, nu mana hasil ngama’naan tina unggal nu maca boga hasil anu béda-béda. Ieu saluyu pamadegan Aminuddin (2013, kc. 53) yén ayana kode sastra boga tujuan pikeun méré ma’na kana hiji karya anu aya, di dieu nu maca ahirna bisa méré ma’na kana karya sastra anu geus dibaca.

Rendy Rustandi Saepuloh, 2023
NOVEL *ABSUR* KARYA H. D. BASTAMAN (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ABSURDITAS)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kecap sastra asalna tina basa kecap Sangsekerta; *sas* jeung *tra*. *Sas* téh akar kecap dina kecap rundayan nu hartina ngarahkeun; ngajarkeun; ngawulang; méré pituduh atawa paréntah; intruksi. Sedengkeun *Tra* mangrupa kecap ahiran nu biasanakeun nuduhkeun alat atawa pakakas. Jadi saumpamana sastra di hijikeun hartina nyaéta pakakas pikeun méré pituduh, buku ngawulang, atawa buku pangajaran saluyu jeung Isnéndés (2010, kc. 1).

Karya Sastra dibagi jadi tilu nyaéta puisi, prosa, jeung carita drama. Ayana karya sastra tangtu moal leupas tina nu ngarang, nu nyiptakeun, atawa biasa disebut pangarang. Pangarang mangrupa manusa mahluk sosial nu teu bisa hirup sorangan sarta teu bisa leupas tina kaayaan sosial nu disinghareupan ku manéhna. Ti dinya pangarang biasana meunang rupa-rupa imajinasi tuluy digambarkeun ku manéhna ngaliwatan tulisan boh éta puisi, prosa, jrrd. Lantaran karya sastra mangrupa karya ciptaan, pangarang bisa ngébréhkeun rasa, gagasan, pangalaman, sarta pamikiranna. Dina karya sastra bakal katitén kumaha éksprési, rasa, jeung sawangan pangarang kana hiji kaayaan sosial.

Novel mangrupa karya sastra dina wangun prosa nu miboga rupa-rupa unsur dijerona, aya plot jeung alur carita nu kompléks dina caritana, réana karakter, boga téma nu euyeub, suasana jeung setting nu kacida loba. Nurutkeun Stanton (2012, kc. 22) yén novel mangrupa salah sahiji karya sastra prosa nu bisa ngadatangkeun sarta mekarkeun hiji karakter, dina kaayaan sosial nu ruwed, ngahijikeun rupa-rupa karakter, jeung ngadadarkeun pangalaman nu geus kaalaman dijamin baheula sacara jelas tur lengkep.

Dina nganalisis hiji karya tantu parali jeung téori, loba téori ti para ahli salah sahijina nyaéta téori nurutkeun Robert Stanton ngeunaan strukturalismé. Strukturalisme mangrupa pamarekan ngeunaan karya sastra nu sipatna otonom. Ratna (2009, kc. 32) nétélakeun strukturalisme hartina maham kanu unsur-unsur, unsur nu dimaksud nyaéta struktur jeung mékanisme nu boga patali. Unsur nu aya dina karya sastra nyaéta intrinsik. Utamana dina karya sastra novel, unsur intrinsik nu aya dina novel miboga pangaruh nu gedé. Alur, panokohan, latar, jeung téma,

pasti aya dina hiji carita novel. Nurutkeun Fananie (2000, kc. 87) yén unsur-unsur nu aya bisa ngawengku unsur intrinsik jeung unsur ékstrinsik.

Salian ti unsur intrinsik jeung ékstrinsik, dina karya sastra novel tangtu nyamuni ma'na-ma'na dina hiji kalimah. Ieu bisa diguar deui absurditasna atawa hal-hal nu teu pasti lantaran ayana patukang tonggong antara kasadaran manusa jeung kaayaan nu ngahasilkeun hal nu teu pasti atawa *absurd*. Dina sagala hal nu lakonan ku manusa tangtu aya akhirna, akhirna pasti maot kukituna dina absurditas ngahartikeun yén hirup téh hal nu teu bisa asup akal dina kanyataana atawa bisa disebut hal nu diluar nalar manusa. Ieu bisa ditingali tina jero atawa eusi novel lantaran aya hal-hal nu *absurd*. Ku kituna kumaha unsur-unsur carita nu nyangkaruk dina hiji karya sastra sarta kumaha *klasifikasi* absurditas nu aya dina éta karya sastra.

Nurutkeun Ulwiyah (2017, kc. 30) absurditas ahirna bisa ngahasilkeun dua pilihan nyaéta hiji pilihanna pati, sarta nu kadua nyusun kahirupan pikeun jadi leuwih alus deui. Sedengkeun nurutkeun Kusumaningtyas (2018, kc. 23) absurditas bisa nyangsarakeun atawa ngabagjakeun hiji jelema, éta mangrupa udagan atawa hasil nu dipiharep ku manusa najan hal éta can tangtu benerna. Jadi kumaha absurditas atawa absur nu saenyana téh.

Aya sababaraha panalungtik nu sateuacanna, dumasar kana pamanggih panulis panalungtik nu sawanda diantarana dina skripsi nu judulna “Absurditas Manusia Dalam Pandangan Filsafat Eksistensialisme Albert Camus” (Muh. Yasin Ceh Nur, 2019), “Absurditas dalam Novel Kafka On The Shore Karya Haruki Murakami” (*Telaah Filosofis Berdasarkan Pemikiran Albert Camus*)” (Arnoldus Yansen S, 2021), “Absurditas Dalam Roman” *Moi Qui N'ai Pas Connus Les Hommes* ”*Karya Jacqueline Harpma*” (Vita Kusumaningtyas, 2018), “Fenomena Absurditas dalam Komik : Kajian Pragma-Semiotik Makna Satire Komik Tahilalats” (Muh. Zakky Al-Masykuri, 2021), “Absurditas Naskah Drama Les Justes Karya Albert Camus” (Himatul Ulwiyah, 2017).

Salian ti skripsi ogé aya tina jurnal-jurnal nu ngadeudeulan diantarana “Absurditas dalam Puisi *Derai-Derai Cemara* Karya Chairil Anwar” (Muhammad Husni, 2021), “Absurditas Eksistensi Tokoh Barman dalam *Novel Khotbah Di Atas Bukit* Karya Kuntowijoyo” (Destriyanto, dkk. (2023), “Absurditas dalam Naskah Drama *Jalan Lurus* Karangan Wisram Hadi dan Implikasinya dalam Pembelajaran Sastra di SMA” (Rais, 2017), “Absurditas dalam Karya Sastra” (Endang Werdiningsih, 2021), “Absurditas dalam Novel *Sampar* Karya Albert Camus” (Endah Dian Utami, 2018).

H. D Bastaman lahir di Padahérang (Kabupatén Pangandaran). Putra bungsu ti salapan sadulur. Tileutik manéhna resep lalajo wayang, malah kungsi boga cita-cita hayang jadi dalang. Salian ti éta, manéhna ogé resep ngahaleuang, jeung tulas-tulis. Mimiti diajar di Sakola Rakyat di Padahérang nepi kelas 3, tuluy pindah ka SR Percobaan jalan Sabang. Sabada lulus ti dinya manéhna nuluykeun sakola ka SMP Negeri 2 jeung SMA C Negeri 5 Bandung. Ti dinya, tuluy kuliah di Fakultas Hukum UNPAD tapi teu cacap, kuliah sarjana nepi ka doctoral ditamatkeun manéhna di Fakultas Psikologi UI. Rupa-rupa karya Bastaman nu medar dina basa Sunda diantarana nyaéta *Sura Seuri Sunda* (2004), *Béntang Tembang* (2011), *Kabungbulengan* (2013), *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* (2016), *Absur* (2018), jeung *Nganjang ka Pagéto* (2019). Loba karya nu geus medal, tangtu dina rupa-rupa judul buku nu geus medal miboga ka unikanna séwang-séwang, salah sahijina nyaéta aya dina karya H. D Bastaman nu judulna *Absur*. Ieu novel diwangun ku kekecapan nu unik lantaran pangaranna mangrupa salasa hiji dosén ti UI nu ahli dina widang psikologi nu mangaruhan kana gaya basa, jeung diksi sarta dina ieu novel miboga unsur éstétik dijerona (Bastaman, 2018 kc.108)

Sanajan panalungtikan ieu sawanda jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna, tapi dina enas-enasna mah aya nu béda nyaéta karya sastra nu dianalisis jeung ambahan dina nganalisisna. Dina panalungtikan ieu subjékna nyaéta novel *Absur* karya H. D. Bastaman, lantaran ieu novel miboga ciri nu has tibatan novel nu liana nyaéta kasang tukang ti pangarangna nu bisa ngasupkeun rupa-rupa hal nu bisa mawa psikologis nu macana sangkan bisa nyawang jeung narik ati. Tuluy ieu analisis maké téori struktural Robert Stanton jeung absurditas Albert Camus.

Rendy Rustandi Saepuloh, 2023

NOVEL *ABSUR* KARYA H. D. BASTAMAN (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ABSURDITAS)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nganalisis novel *Absur* karya H. D. Bastaman maké pamarekan struktural jeung absurditas mangrupa salah sahiji tarékah pikeun nyumponan kana pangabutuh masarakat dina widang sastra, nyaéta ningkatkeun pamahaman kana karya jeung ngeuyeuban pamaca dina widang paélmuan kritik sastra. Ku kituna, dipiharep hasil panalungtikan ieu bisa méré pangaweruh kanu maca ngeunaan hal-hal nu penting dina novel, sarta bisa jadi ngantengna hubungan antara sastrawan (panulis novel) jeung masarakat (pamaca novel).

1.2 Rumusan Masalah

Dina karya sastra nyangkaruk rupa-rupa hal nu bisa dicokot, loba kajadian sarta pangalaman nu ditulis ku pangarang dina karyana. Lain sakur pangalaman nu aya dijerona tapi aya hal-hal séjén nu nyamuni dina éta karya.

Sabada ngaidéntifikasi masalah nu aya, ieu dihandap mangrupa masalah nu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya.

- 1) Kumaha struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman?
- 2) Kumaha *Klasifikasi* absurditas dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu aya, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung husus.

2 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman sarta milah-milah wangun absurditas nu nyangkaruk dina ieu novel.

3 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan luyu jeung kasarang tukang di luhur, nyaéta ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman;
- 2) *klasifikasi* absurditas dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman.

3.1 Manpaat Panalungtikan

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

4 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalengkepan jeung ngabeunharan deui élmu pangaweruh ngeunaan studi karya sastra hususna novel-novel Sunda, sarta bisa jadi hiji référénsi pikeun ngeuyeuban kana kritik sastra dina kasusastraan Sunda.

5 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta:

- 1) pikeun pangarang, ieu panalungtikan baris meunangkeun *klasifikasi* absurditas nu aya dina karyana;
- 2) pikeun mahasiswa sastra Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salasa hiji sumber informasi sarta bisa ngadeudeulan dina studi literatur sangkan bisa nambahan pangaweruh dina widang téori jeung kritik sastra;
- 3) pikeun masarakat umum, bisa nambahan pangaweruh anyar hususna dina widang kritik sastra sarta kasunda.

5.1 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan miboga raraga nulis nu ngawengku lima bab, nyaéta ieu.

Bab I Bubuka. Eusina medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina medar rupa-rupa wangenan tiori ngeunaan sastra, babandingan karya sastra, novel, struktural, absurditas, panalungtukan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Eusina ngaguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, intrumén nu dipake dina panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik analisi data.

Bab IV Panalungtikan jeung Pedaran. Eusi dina ieu bab nyaéta ngajéntrékeun ngeunaan struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Absur* karya H. D. Bastaman jeung klasifikasi absurditas nu aya dina ieun novel.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Saran. Eusi dina ieu bab nyaéta kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.